# Классный час

# «Ц1уне рац1ц1алъи!»

Провела:

Гераева Мадина Магомедовна

Тема: ЦӀуне рацӀцӀалъи

Дарсил ин

1. Дарс байбихьи
2. Бицен

- Рорч1ами, лъимал. Жакъасеб дарс дие байбихьизе бокьун буго биценалдасан. - Лъимал, лъалищ нужеда щиб жо кколеб бицен? ( Бицен ккола гьит1инабго хабар жинда гъорлъ к1удияб маг1на бугеб асар.

Цо чаг1аз босун буго ц1ияб мина. Гордухъа къват1ие ялагьарай ч1ужуялда бихьун буго мадугьалалъ чурун т1амураб рет1ел. Газета ц1алулев вук1арав росасда абун буго ч1ужуялъ. Гьай нилъер мадугьалалда рет1ел чуризего лъалеб гьеч1ин, чороклъи гъолъул рат1лил чуризег1агидайин жинца гъолда малъилебилан. Росасги щибго абич1ила ч1ужуялда жиндирго газет ц1алулев вук1анила гьев. Гьединго цоги къоялъги бихьанила ч1ужуялда чорокго чурараб рет1ел т1амулей мадугьал. Унго-унголъунги рет1ел чуризе лъалеб гьеч1о нилъер мадугьалалда. Гьебмехалъги щибго абич1ила росас. Цо къоялъ т1аде яхъарай гьай г1ажаиблъун хут1анила. Балагье цо, нилъер мадугьалалъ рет1ел чурун бугеб бац1ц1адго. Лъаларин абунила росас, амма дица гьаб нилъерго горду чуранин бац1ц1адго.

- Щиб лъимал, нужеда гьаб биценалдасан бич1ч1араб?

- Щай гьой г1аданалъ г1айиб ч1валеб бук1араб мадугьалалда?

- Бук1арабищха мадугьалалъ рет1ел чорокго чурулеб?

- Щайха гьолда гордухъан рет1ел чорокго бихьулеб бук1араб?

Нилъ г1едег1изе бегьуларо г1адамазда г1айиб ч1вазе. Цин нилъеда нилъерго г1унгут1аби рихьизе ккола г1адамазда г1айиб ч1валелде цебе. Гьединлъидал ч1ужуялда жиндирго чорокаб гордухъан бихьараб рет1ел чорокго бихьулеб бук1ана.

- Сундул х1акъалъул гьаб биценалда бицунеб бугеб? (рац1ц1алъиялъул)

- Жакъасеб дарсил темаялда ц1ар щибха нилъер? ( Рац1ц1алъи ц1уне)

**Т1оцебе** сундалъун нилъеца рац1ц1алъи ц1унизе кколебали лъазе бокьани, нужеца гьаб бицанк1оялъе жаваб батизе ккола.

**Цояб цоялда хъвани гьаракь жиндир бахъунеб**

Х1алч1ахъадал.

-Бице, кверал нилъеца чорокго щай тезе бегьуларел?

Бит1араб буго лъимал, кинабго чороклъи квераздасан бук1уна, гьединлъидал нилъеца кверал рац1ц1адго ц1унизе ккола. Кинха нилъеца гьел ц1унилел? Кверал чуризе ккола къойида жаниб чанго нухалъ. Рукъалъул х1айваназда хъван хадуб, туалеталде ун хадуб, расандун хадуб, кваналелде цебе, кванан хадуб. Хасго малъазда гьоркьоб ккараб чороклъи бац1ц1ад гьабизе ккола. Гьелдалъун г1емерал унтаби ккола.

**К1иабизе** сундалъун нилъеца рац1ц1алъи ц1унизе кколебали лъазе бокьани, нужеца гьаб биционк1оялъе жаваб батизе ккола.

***Цо росулъ к1иго вацал,***

***Г1умру унеб буго***

***Жидеда жалго,***

***Рихьулел гьеч1о***. (берал, г1ундул)

- Щайха, лъимал, г1ундулги бералги рац1ц1адго ц1унизе кколел? Г1ундул рац1ц1ад ц1унич1они нилъеда раг1и лъик1 раг1уларо. Бералги ц1унизе ккола. Кинха нилъеца гьел ц1унилел?

Т1оцебе радал рахъингун чурила гьумер, берал ва г1ундул. Чорокал кверал кверал хъвазе бегьуларо. Т1ехь ц1алулеб мехалъ нилъеца 30-35см рик1к1ад кквела. Беразе зарядка гьабила. Телевизоралъухъ г1емераб мехалъ ралагьизе бегьуларо. Полотенцаги нилъго бет1ергьанаб бук1ине ккола.

**Лъабабизе** сундалъун нилъеца рац1ц1алъи ц1унизе кколебали лъазе бокьани, нужеца гьаб биционк1оялъе жаваб батизе ккола.

***Кьурулъа далун буго хер. (рас)***

***К1удияб байданалда хер. (рас)***

- Щайха, лъимал, рас бац1ц1адго ц1унизе кколеб? ( Бот1рол рас бац1ц1адго ц1унич1они нац1 базе бегьула. Бац1ц1адго чуризе ккола рас. Хасго бет1ер чуруле мехалъ мух1канго чуризе ккола. Рас халеб гьоркьоги жиндирго бук1ине ккола.

**Ункъабизе** сундалъун нилъеца рац1ц1алъи ц1унизе кколебали лъазе бокьани, нужеца гьаб биционк1оялъе жаваб батизе ккола.

***Гьет1араб г1ариялда хъахх1ал г1анк1аби (цаби)***

- Щайха, лъимал, цаби рац1ц1ад ц1унизе кколел? Кинха , нилъеца цаби рац1ц1адго ц1унилел? Къойида жаниб чан нухалъ нилъеца цаби чуризе кколел? (Цаби къойида жаниб к1иго нухалъ чуризе ккола, радалги къасиги. Г1усал чурулеб щеткаги нилъго бет1ергьанаб бук1инеб ккола. Г1емерисел лъималаз къаси вегилалде цебе гьуинлъи кванала. Гьелдалъун г1усазе зарал ккола. Рац1ц1адго г1усал чуризе ккани к1иго минутг1аги къвариг1уна).

**Щуаабизе** сундалъун нилъеца рац1ц1алъи ц1унизе кколебали лъазе бокьани, нужеца гьаб бицанк1оялъе жаваб батизе ккола.

Риидала бук1а, хасало бук1а

Х1ат1аздаса бот1роде щвезег1ан т1ад рет1араб.

Къаси вегидал т1асаги бахъулареб.

Щибдай, лъимал, гьеб кколеб? (т1ом) .

- Щайха, лъимал, т1ом бац1ц1адго ц1унизе кколеб? Т1ом ккола нилъер черхалда бищунго к1удияб орган. Т1омалъ бацула 2 квадратный метр къаркъалаялъул. ( т1ом бац1ц1адго ц1унизе кканани нилъеца сапун х1алт1изабизе ккола. Анкьида жаниб цонухалъг1аги чвердезеги ккола, гьелъие мочалкаги х1алт1изабизе ккола. Нилъеца т1ом чорокго тани